

## Kijan travay afekte Asistans Pwovizwa?



## Ou gen yon travay. Kisa pou ou fè kounye a?

Lè ou kòmanse travay, lajan ke ou touche a abityèlman p'ap afekte kantite avantaj ke w'ap resevwa nan Asistans Pwovizwa jiska mwa apre an.

Menm lè sa, jwenn yon travay pa nesesèman vle di ke w'ap sispann resevwa Asistans Pwovizwa menm kote a.

## Men kijan li fonksyone

Yon pòsyon nan sa ou touche nan travay ou an pa konte lè yo ap detèmine elijibilite ou pou Asistans Pwovizwa ki ap kontinye. Sa vle di nouvo revni pa pral lakòz kantite avatanj yo redwi, jiska yon sèten pwen.

- Pou fanmi ki gen yon timoun ki gen laj mwens ke 18 an (oswa mwens ke 19 an epi ki lekòl), **premye 90 dola nan revni mansyèl la, plis 53 pousan nan rès lan, li pa konte** lè y'ap detèmine kantite avantaj ke ou pral resevwa nan Asistans Pwovizwa.
- Pou fanmi ki pa gen pitit yo, **premye 90 dola a pa konte**.

## Rapòte revni ou yo

Li enpòtan pou ou di moun ki ap travay sou dosye ou an ke ou ap touche lajan nan yon travay **nan 10 jou** apre ke ou te resevwa premye chèk peman ou an. Lè ou pa fè sa, sa kapab lakòz yo peye an plis pou avantaj yo, ke ou dwe ranbouse.

Ou dwe bay prèv tou ki montre ke ou gen yon travay, tankou yon lèt patwon ou an oswa yon souch peman pou verifye kantite èdtan ke ou travay, nivo peman ou ak lè ou te kòmanse travay.

## Sèvis Sipò yo



Ou bezwen asistans pou depans ki an rapò ak travay ou yo? Ou ka kalifye pou:

- Asistans swen pou timoun
- Asistans Transpò
- Lòt depans ki an rapò ak travay yo tankou inifòm, ekipman, zouti yo oswa frè lisans yo